

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun struktur carita (téma, fakta carita, jeung sarana carita), ajén moral, jeung larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMA. Data dina ieu panalungtikan mangrupa sakabéh carita nu aya dina kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* karangan H. D. Bastaman, utamana nu aya patalina jeung struktur carpon, ajén moral, sarta milih bahan pangajaran aprésiasi sastra. Tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta, 1) tiori struktural Robert Stanton, anu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana carita, 2) tiori ajén moral Warnaen, spk., anu ngawengku moral manusa ka Pangéran, moral manusa ka dirina sorangan, moral manusa ka papada jalma, moral manusa ka alam, moral manusa kana waktu, jeung moral manusa dina ngudag kasugemaan lahiriah jeung batiniah, saterusna 3) kritéria dina milih bahan pangajaran nurutkeun Nasution, ngawengku lima hal nyaéta tujuan anu hayang dihontal, dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa, dianggap mibanda ajén minangka warisan entragan saméméhan, aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan, sarta luyu jeung kabutuhan katut minat murid. Salian lima kritéria, aya tilu aspék nu patali dina pangajaran aprésiasi sastra nurutkeun Square jeung Taba, nyaéta kognitif, émotif, jeung évaluatif. Méthode jeung téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif analitik kalayan pamarekan kualitatif, sedengkeun instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh kabagi jadi dua nyaéta instrumén pikeun ngumpulkeun data jeung instrumén pikeun ngolah data. Instrumén dina ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka jeung téhnik studi dokuméntasi, sedengkeun instrumen anu digunakeun dina ngolah data nyaéta téhnik analisis struktural, analisis ajén moral, jeung analisis bahan pangajaran aprésiasi sastra.

Struktur carita dina kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* karangan H. D. Bastaman kapaluruh aya téma, fakta carita, jeung sarana carita. Téma anu diangkat dina ieu kumpulan carpon nyaéta patali jeung kahirupan sosial. Rupa-rupa kahirupan sosial nu jadi pasualanana, aya nu sosial-budaya, sosial-pribadi, jeung sosial-kulawarga. Éta hal bisa katitén tina sababaraha pasualan-pasualan anu dikumpulkeun jeung dianalisis. Saterusna ieu kumpulan carpon téh miboga runtuyan carita jeung kajadian, atawa anu biasa disebut galur. Galur anu digunakeun ku pangarang dina ieu kumpulan carpon téh kabagi dua, genep carpon ngagunakeun galur anu lempeng atawa mérélé, sedengkeun opat carpon deui ngagunakeun galur mobok tengah. Pikeun maluruh galurna dibagi kana lima tahapan nyaéta 1) *situation* (pangarang mitembeyan ngadéskripsikeun kaayaan), 2) *generating circumstances* (kajadian mimiti bagerak), 3) *rising action* (kaayaan mimiti muncak), 4) *climax* (kajadian-kajadian ngahontal puncakna), jeung 5) *denouement* (méréskeun sakabéh pasualan tina kajadian-kajadian). Kalima tahapan ieu éféktif pikeun medar galur sacara kronologis jeung jelas. Anapon dina sababaraha carpon, kajadian-kajadian nu geus kaliwat, dicaritakeun deui ngaliwatan téhnik *menoleh ke belakang* (*backtracking*).

Tokoh-tokoh jeung watek/penokohan anu aya dina kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* dipasing-pasing jadi sababaraha bagian, nyaéta 1) tokoh utama jeung tokoh tambahan, 2) tokoh protagonis jeung tokoh antagonis, 3) tokoh basajan jeung tokoh buleud/kompléks, 4) tokoh statis jeung tokoh dinamis, sarta 5) tokoh tipikal jeung tokoh nétral. Sacara umum, jumlah tokoh utama dina unggal carponna antara hiji atawa dua tokoh, sedengkeun tokoh tambahanna kawilang loba. Dina ieu kumpulan carpon ogé loba tokoh anu ngan disebutkeun saliwat wungkul. Latar tempat dina kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* ngawengku pilemburan jeung kota Paris, tempat-tempat anu digunakeun mangrupa daérah nu aya di sabudeureun Ciamis ogé Bandung. Latar waktu dina kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* ngawengku peuting, beurang, isuk-isuk, isukna, pagéto, nangtukeun poé, jeung nangtukeun jam. Latar sosial dina kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* lumangsung dina

taun 1900-an, anapon carpon *C'est Jolie* lumangsung dina taun 2000-an. Status sosial dina sakabéh carpon kaasup kaum santana atawa tingkatan menengah.

Saterusna, judul dina unggal carpon matak ngirut. Judul-judul anu digunakeun luyu pisan jeung jalan caritana. Puseur implengan anu digunakeun dina kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* hampir kabéhanana ngagunakeun puseur implengan jalma kahiji, nu ditandaan ku kecap “kuring”. Anapon dina carpon *Dibarengan Gumuruhna Takbir* ngagunakeun puseur implengan jalma katilu, ditandaan ku kecap “manéhna” atawa ngaran tokoh “Si Sobri”. Gaya basa nu digunakeun dina kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* nyaéta basa nu basajan, basa anu digunakeun sapopoé. Ku kituna, eusi caritana gampang dipikaharti. Ciri has anu digunakeun ku pangarang nyaéta ngagunakeun dialék Ciamis, contona dina kecap “kamer” anu ilaharna disebut kamar. Malahan dina carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* mah salasahiji dialog tokohna ngagunakeun dialék Padahérang. Salian ti éta, carita dina kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* diwewegan ku mamans basa saperti gaya basa (lalandian, rarahulan, kadalon, ocon, ngumpamakeun, jeung mijalma), babasan, ogé paribasa.

Ajén moral anu kapaluruh dina ieu kumpulan carpon jumlahna aya 34 sikep, anu kabagi jadi genep moral kamanusaan, nyaéta moral manusa ka Pangéran (MMP) anu ngawengku lima sikep, moral manusa ka dirina sorangan (MMDS) ngawengku genep belas sikep, moral manusa ka papada jalma (MMPJ) ngawengku sapuluh sikep, moral manusa ka alam (MMA) ngawengku hiji sikep, moral manusa kana waktu (MMW) ngawengku dua sikep, sarta moral manusa dina ngudag kasugemaan lahiriah jeung batiniah (MMLB) ngawengku dua sikep.

Sabada ditalungtik, ieu kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* téh bisa dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra, sabab saluyu jeung kritéria milih bahan pangajaran nu ngawengku luyu jeung tujuan anu hayang dihontal, mibanda ajén pikeun kahirupan manusa, mibanda ajén minangka warisan entragan saméméhna, aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan, sarta luyu jeung kabutuh katut minat siswa. Salian ti éta, ieu kumpulan carpon nyumponan tilu aspék dina pangajaran aprésiasi sastra anu ngawengku aspék kognitif, aspék émotif, jeung

aspék évaluatif. Tina sapuluh carpon ngan tujuh carpon anu cocog dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra (carpon).

Jadi sabada dipaluruh jeung dianalisis, ahirna bisa dicindekkeun yén ieu panalungtikan téh miboga struktur anu lengkep, ti mimiti témana, fakta caritana, jeung sarana caritana. Saterusna ajén moral nu nyampak dina unggal tokoh ogé kawilang lengkep, tur bisa dilarapkeun dina kahirupan kiwari. Salian ti éta, sababaraha carpon dina ieu buku bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMA kelas XI

5.2 Implikasi

Dumasar hasil analisis anu geus dilaksanakeun, ieu panalungtikan téh miboga implikasi dina sababaraha widang paélmuan, nyaéta widang sosial, patali jeung tatakrama dina hirup kumbuh kamasarakatan. Saterusna, dina widang paélmuan, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh jeung kamekaran ranah analisis kasusastraan, hususna ngeunaan ulikan struktural, paélmuan ajén moral dina karya sastra utamana dina carpon Sunda, sarta bisa jadi référénsi/alternatif pikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra..

5.3 Rékoméndasi

Tina ieu hasil panalungtikan, kapaluruh ayana sababaraha rékoméndasi anu ditujukeun pikeun sababaraha pihak anu aya patalina jeung ieu panalungtikan, nyaéta pikeun panalungtik satuluyna, pikeun guru, jeung masarakat umum. Pikeun panalungtik satuluyna, dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan minangka hiji tatapakan panalungtikan anu leuwih jembar sarta dipiharep bisa nganalisis ieu kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* ngagunakeun pamarekan nu séjénna. Pikeun guru, dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan, tur dijadikeun référénsi alternatif bahan pangajaran, ogé pilihan dina nangtukeun bahan bacaan nu ngandung ajén-ajén kahirupan anu hadé. Saterusna, pikeun masarakat dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan sastra, hususna anu aya patalina jeung hirup kumbuh masarakat, ogé ajén-ajén anu hadé nu kudu nyampak sarta dijadikeun eunteung dina kahirupan sapopoé.